

## **Li Nga Wara Xam ci Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal ci Këru dalalu kaay**

Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal ab diggante bu ñu yoonal la ngir ñaari nit yu fas yeene amal diggante bu dëgër. Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal dafay may ay yelleef ak ay njariñ ñaari wëy ànd yu bégga yoonal seen diggante waaye bëgg ñu dugg ci séy wala mënu ñu ko.

## **Ndax man ak sama àndandoo soxla na ñu Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal ngir dugg ci këru dalalu kaay bu waa ñiy saytu mbiri ñu amul làquwaay (Department of Homeless Services, DHS)?**

Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal benn la ci firnde yiy wone ni yaw ak sa àndandoo ay waa-kër ngeen yu yelloo ab këru dalalu kaay bu waa DHS. Man nga firndeel tamit sa tolluwaayu waa-kër bu fekke ni yaw ak sa àndandoo dangeena nekk ci buumu séy, bu fekke ni dangeena am doom, wala bu fekke ni kenn ci yeen mooy toppatoo keneen ki saa yu nekk ngir laago. Ngir ay xibaar yu gëna yaatu ci mbiru bindu ngir am këru dalalu kaay ci turu waa-kër gu am ay gone yu amagul 21 at wala waa-kër bu amul ay gone, yërël jokkalekaayu enternet bi.

## **Ndax mën naa am Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal?**

Yaw ak sa àndandoo mën ngeena am Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal bu fekke ni:

- Yeen ñaar dangeen di dund ci New York City WALA kenn ci yeen dafay liggéeyee ci taaxu New York;
- Yeen ñaar ñepp am ngeen lu mu néew-néew 18 at;
- Kenn ci yeen nekkul ci buumu séy ak keneen;
- Dangeena nekk ci digante bu dëgër, manaam dangeen bokk di dund yeen ñaar ak bokk alal;
- Bu fekke ni yeena bokk tegtal dëkkuwaay; TE
- Kenn ci yeen nekkul ci Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal ak keneen.

## **Ngir am Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal toppal jeego yii:**

- Ñaanal ab dig-daje [ci dalu enternet](#).
- Na nga jébbal sa bindu ci dalu enternet [Biro Bindkat ci wàllu yoon](#).
- Àndal ak sa àndandoo ci Biro Bindkat ci wàllu yoon ngir am dig-daje.
- Indil benn ci kayitu ràññeekaay yi ñu nangu yi ak \$35 ci ay koppar.
- Bokk na ci kayitu ràññeekaay yi ñu nangu yi:
  - o Kart Dantite bu New York City
  - o Permi dawal oto bu bàyyikoo ci Bàñqaas biy saytu wàllu motor ak woto yi (Department of Motor Vehicles, DMV)
  - o Kayitu Juddu bu amul sikk sàkk
  - o Paaspoor
  - o Kayitu Lekkool
  - o Kayit buy firnde sañ-sañ ci dëkk Réew yu Booloo yu Amerig ci lu sax
  - o Kayitu ligeeykat

## **Lu Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal di jar?**

Bindu ngir am Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal mi ngi jar \$35, ci koppar wala mu nekk kayitu sek ca Bindkat ci Wàllu yoon ba.

## **Lu wuutale Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal ak buumu séy?**

Ci Réewu New York, Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal dafay ànd ak ay yelleef yoo xam ni bokk na ca:

- Yelleefu seeti kaso wala lopitaal
- Ay njariñ ci wàllu wërgi yaram ñeel ligeeykat yi ci Taax bi wala seeniy waa-kër
- Yelleef ci tolluwaayu waa-kër bu lay may sañ-sañ ci sàkku dëkkuwaay luyaas ca kureel giy saytu mbiri dëkkuwaay ci New York City (NYC Housing Authority)
- Donn yelleefu luyaas wala sañ-sañu dëkk

Ndeem ñi am Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal nekku ñu ci buumu séy, amu ñu yeneen njariñ yi ñu nekk ci buumu séy am, yu mel ni:

- Waññi lempo peyoor bu joge ci nguur gi
- Sañ-sañ yu nekk ci séy, yu mel ni sañ-sañu ñàkka wuññi seen waxtaanu biir neeg
- Ay yelleef ci wàllu ndono wala ndampayu ku faatu (ludul dafa fekk ñu bind ko ci kayitu ndenkaane)

## **Ndax Réewu New York nangu na séyu aada (common law marriage)?**

Séyu aada ab séy la bu ñu yoonal bu yenn réew yi nangu, bu fekkee sax ñaar ñiy ànd mèsu ñu séy waaye dañoo yàgga nekk ñoom ñaar. Waaye nak, réewu New York nàngu wul seyu aada yi. Loolu mooy tekki ni bu fekkee ni ñaari nit dañoo dund lu yàgg di def doxalinu ñu nekk ci buumu séy ay at yu bari, du ñu leen mëna jàppee ñuy séy ci kanami yoon. Ci New York, benn yoon bi nga mëna jaar ba ñu nàngu seen digante ci kanami yoon mooy séy wala Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal.

## **Nak laay def ba dakkal Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal?**

Boo bëgge dakkal Tërëlinu Dund ak Nekkaale bu ñu yoonal, yaw wala sa àndandoo war ngeen jébbal ci seen jëmme bopp ab kayitu dakkal (Termination Statement). [Ñaanal ab dig-daje ci dalu enternet.](#)

## **Lu mata leeral**

Xibaar yi nekk ci kayit bi mi ngi tukkee ci waa ñiy ligeey ci wàllu yoon (Legal Aid Society) ngir joxe ay xibaar rekk waaye nekkul ngir xelal kenn ci wàllu yoon. Xibaar yi jublu wuñu ci amal diggante ab awoka ak ku muy taxawu, te jot ko yitam tekki wul loolu. Waru loo jëfe benn xibaar te fekk ni taataan loo xalaatu ku xam-xamam màcc ci wàllu yoon